

Objektif leson an

Nou prale fè revizyon alfabè kreyòl la epi gade ankò kòman yo mache ansanm pou. Banm di alfabè a pou ou. M ap kòmanse di non lèt yo epi dezyèm fwa a m ap di nou ki son yo bay.

A an e è en i o ò on ou oun ui



Pati de sa timoun yo dwe konnen oswa ta dwe konnen epi ki ka ede yo

Alfabè kreyòl la gen 32 lèt oswa son. Lè youn mare ak lòt yo ba nou silab epi mo.

Tankou si m mete b ak a---yon bay son bou ak a □ ki vini bay ba se yon silab li ye. Nou ka twouve silab nan mo tankou ba ton kote nou tande silab ba a....oswa nan anba an....ba; oswa ankò nan anbasad an ba sad. Nan baton nou jwenn silab la nan komansman mo a, nan anba li nan fen mo a epi nan anbasad li nan mitan mo. Sa mache konsa pou preske tout silab. Plizyè silab ki ansanm epi ou ka konprann se yon mo. Konsa babida pa yon mo men anba se yon mo paske ou konprann sa li vle di.

Leson an

Alfabè kreyòl la divize an konsòn ak vwayèl. Lè nou pi gran gen lòt ti presizyon nou ka jwenn sou 2 kategori sa yo. Men mwen panse kounye a konsòn ak vwayèl ap kont pou nou dechifre mo yo epi rive bon lektè pi devan.

Nou ka di pou kounye a gen 12 vwayèl a an e è en i o ò on ou oun ui epi 20 konsòn **b, ch, d, f, g, h, j, k, l, m, n, p, r, s, t, v, z san nou pa bliye w ak y (ki yon ti kal patikilye). Lè nou pi gran ma ba nou detay.**


N ap remake pa gen lèt u, yo pa di Jezu men Jezi e Konsa pa dwe tande Bondieu men Bondye, Pou lèt q ak x menm si lèt la pa la men son an ekri yon lòt jan...na tounen sou koze sila yon lòt lè.

Kòman nou kreye silab

Kounye a nou konnen kòman lèt yo ak nan ki kategori yo ye. Kounye a se keksyon fè silab anvan nou rive nan mo. Pawòl la ka long anpil men mwen prale ede nou pase nan wout ki pi kout la.


Nou ap desine yon tablo ak 2 kolòn, si w pa ko konnen ekri byen rele yon grandèt nan kay la pou ede w. Papye w ak kreyon w pare ?


Nou pati



Anvan kowona ou te konnen kenbe men ak ti zanmi w enben se konsa wi lèt yo renmen kenbe men youn ak lòt pou yo fòme silab ki apre lè yo tou kontre ap bay mo. Jodi a mwen prale li tout konbinezon sa yo pou ou. Imajine chak se youn ti

zanmi ki chita nan klas ak ou. Konsa l'ap pi fasil pou sonje yo. Epi apre wa pase videyo a oswa mande tande odyo a pou ka sonje yo.

<p>B b CH ch D d F f G g H h J j K k L l M m N n P p R r S s</p> <p>T t</p> <p>W w V v Z z</p>		<p>ba ban be bè ben bi bo bò bon bou boun bui cha chan che chè chen chi cho chò chon chou cho da dan de dè den di do dò don dou doun dui fa fan fe fè fen fi fo fò fon fou foun fui ga gan ge gè gen gi go gò gon gou goun gui hen ja jan je jè jen ji jo jò jon jou joun jui la lan le lè len li lo lò lon lou lou lui ma man me mè men mi mo mò mon mou moun m na nan ne nè nen ni no nò non nou noun nui pa pan pe pè pen pi po pò pon pou poun pui ra ran re rè ren ri ro rò ron rou roun rui sa san se sè sen si so sò son sou soun sui ta tan te tè ten ti to tò ton tou toun tui wa wan we wè wen wi wo wò won wou woun wui va van ve vè ven vi vo vò von vou voun vui za zen zi zè zen zi zo zò zon zou zoun zui</p>
---	--	--



Konsolidasyon

An nou eseye fè yon ti jwèt eseye di chak non moun nan kay la epi chache ki konbinezon son nou t ap bezwen. Pwofite mande moun nan si se konsa non li ekri vre. Ou ka mande li wè pyès li pou gade pou kòw.

Verifikasyon

Anvan mwen ale mwen prale li yon ti tèks pou ou. Ou ka mande yon granmoun ekri li pou ou pou ka li oswa si ou pi avanse ou ka tou pwofite pran dikte a.

Si w pa ka li tout se pa grav...n ap mache ansanm pou nou rive fè sa.

Mari se pitit papa mwen. Nou pa abite menm kote. Mwen ap viv ak manman mwen. Chak jou li te konnen pase wè mwen, lè li soti lekòl. Depi 8 jou mwen pa wè li. Nou tou de fèmen lakay nou pou nou pa trape Kowonaviris. Men nou pale nan telefòn. Mari se pi bon zanmi m tou.

Bravo timoun yo nou te byen travay ak mwen jodi a. M ap plake sou ekran an kòman pou nou te ekri ti tèks la pou nou ka li li chak jou. rete sou ekran an yon ti moman. Anvan w ap jwenn vèsyon kaye 5 liy nan. Si si vèsyon kaye 2 liy ou genyen pran pasyans I ap vini apre tou. Nap rewè ankò. M ale.